



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REFÒM BIDJETÈ KI PÈMÈT YO SÈVI AK FON AN DEZERANS, POU PEYE DÈT FISKAL KI ENDI

### *Pwopozisyon an ta ka Leve 4.5 Milyon Dola antèmde Revni pou Premye Ane an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon lejislasyon nan bidjè ane fiskal 2019 la, ki pèmèt eta a sèvi ak fon an dezerans debità yo pou peye dèt fiskal ki endi.

“Sa se yon refòm ki baze sou bon sans, ki retire obstak ak biwokrasi, e fè debità yo peye dèt yo dwe”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a lejislasyon sa a, n ap fè kontrevenan yo pran responsablite yo, e n ap aleje chay ki sou do kontribiyab k ap travay di nan New York.”

Dapre lwa ki an plas prezantman, New York ka sèvi ak fon an dezerans kontribiyab yo, tankou paregzanp kont inaktif oswa lajan byen imobilye an dezerans, pou peye dèt fiskal fiks oswa dèt fiskal lejitim, men yo pa kapab sèvi ak fon an dezerans pou peye dèt ki endi. Yon manda fiskal se ekivalan yon jijman legal e yo ka prezante li pandan pwosesis koleksyon an. Yo konsidere dèt fiskal ki endi kòm kwa yo fiks e final annatandan yon manda fiskal, ki posib si sa pa rezoud.

Pwogram ki an plas prezantman pou kont an dezerans ak dèt ki lejitim jenere 40 milyon dola depi li te antre an vigè an 2015. Nan lajan sa a, 21.5 milyon dola soti nan konpansasyon otomatik lajan plis pase 117,000 kontribiyab. Anplis de sa, Depatman Enpo an fè yon revizyon manyèl tout fon an dezerans, sa ki te pote rès 18.5 milyon dola a.

Lè nou pèmèt fon an dezerans sèvi pou konpanse dèt fiskal ki endi, eta a prevwa yon revni 4.5 milyon dola premye ane an, sa ki konbine konpansasyon otomatik ak eksepsyon manyèl. Revni total yo prevwa pou ane an, antèmde dèt ki endi, se 3 milyon dola.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418